

## **Amanman Egzansyon Ekip pou Medicaid Redesign Team (Restriktirasyon Medicaid): Enfòmasyon ak Fich Enfòmasyon**

**Enfòmasyon Jeneral:** Nan dekrè egzekitif lè li t ap antre an fonksyon an janvye 2011, Gouvènè Cuomo te mete kanpe Medicaid Redesign Team (MRT, Ekip pou Restriktirasyon Medicaid la) ki mete ansanm aktè ki angaje nan domèn lan ak ekspè nan tout eta a pou travay ansanm nan refòm sistèm lan ak pou diminye depans yo.

Nan faz 1, MRT a te prezante yon plan pou diminye depans Medicaid nan Ane Fiskal 2011-12 Eta a nan nivo \$2.2 milya dola. Faz sa a te fini an fevriye 2011 lè MRT a te soumèt yon premye rapò pou satisfè objektif depans Medicaid Gouvènè a vize a ki nan Bidjè Egzekitif 2011-2012 li a. Premye rapò a gen ladan 79 rekòmandasyon re-defini ak restriktire pwogram Medicaid la pou li ka pi efikas ak pou yo jwenn pi bon rezilta pou pasyan yo. Lejislati a te apwouve 78 rekòmandasyon nan kad bidjè ki adopte a epi y ap aplike yo kounye a. Rekòmandasyon yo te satisfè bidjè Medicaid Gouvènè a vize a, yo te pote refòm enpòtan nan estrikti ki pral chanje koub depans Medicaid la, epi reyalize ekonomi san yo pa koupe ankenn kalifikasyon.

MRT a te kontinye nouvo travay li an nan Faz 2, lè li tabli 10 gwoup travay pou abòde pwoblèm pi konplèks, ak pou kontwole tou aplikasyon rekòmandasyon kle ki te vote nan faz 1 an. Gwoup travay sa yo te bay 175 lòt aktè nan domèn lan opòtinite pou patisipe nan pwosesis MRT a. Tout reyinyon gwoup travay yo te piblik epi yo te fè plizyè odyans piblik.

Efò MRT a abouti nan yon gid sou plizyè ane k ap mennen nan direksyon yon pwogram ki pi efikas ak yon sistèm ki abòdab epi ki pral reyalize pi bon rezilta sante pou Moun nan New York. Plan daksyon sou plizyè ane a, lè li fin aplike nèt pral nonsèlman amelyore rezilta sante pou plis pase senk milyon Moun nan New York, men tou li pral chanje koub depans Eta a pou Medicaid. Gwo ekonomi federal te reyalize deja grasa pwosesis MRT New York la epi gen gwo ekonomi ki pral akimile tou nan kad plan daksyon sa a.

**Sitiyasyon an kounye a:** Yon nouvo amanman egzansyon Medicaid 1115 ap nesesè pou fin aplike nèt plan daksyon MRT a. Amanman pou egzansyon an ap pèmèt eta a reenvèstis nan enfrastrikti swen sante li yo ak libète tou pou fè nouvo bagay. Amanman pou egzansyon an pral pèmèt eta a prepare tou pou mete sou pye refòm nasyonal swen sante ak pou chanje reyèlman koub depans pou tout sistèm swen sante eta a.

New York angaje fè aktè ki nan domèn lan ansanm ak piblik la patisipe piplis nan refòm Medicaid ak aplikasyon ACA. MRT a se yon modèl nasyonal pou fason aktè nan domèn lan ka travay ansanm pou devlope yon plan refòm global menm nan moman ki pi difisil. New York te itilize yon menm apwòch pou angaje aktè ki nan domèn lan nan dispozisyon kle Lwa sou Affordable Care Act (Swen Sante Abòdab) tankou echanj asirans sante ak Pwogram Health Homes. New York angaje pou kontinye tradisyon MRT a ak pou angaje piblik la seryezman, pou asire transparans pandan l ap travay pou fin mete sou pye yon amanman 1115 pou egzansyon Medicaid.

Zòn re-establisman yo konsantre sou li nan amannman Egzanpsyon MRT a ap gen ladan: Agrandisman Swen Sante Primè, Devlopman pwogram Health Home, Nouvo Modèl Swen, Vital Access Provider (Elaji Pwogram Founisè Aksè Vital) ak Safety Net Provider (Pwogram Rezo Sekirite pou Founisè), Inovasyon nan Lopital Piblik: Nouvo Modèl Swen pou Moun ki pa gen Asirans, Elajisman Pwogram Sipò Lojman Medicaid, Managed Long Term Care Preparation Program (Pwogram Preparasyon Jesyon Swen Alontèm), Capital Stabilization for Safety Net Hospitals (Estabilizasyon Kapital pou Lopital Rezo Sekirite yo), Tranzisyon Lopital, Fòmasyon Mendèv, Nouvotè nan Sante Piblik, Planifikasyon Sante Rejyonal, MRT Waiver and Evaluation Program (Pwogram Evalyasyon MRT ak Egzansyon).

Gen plis enfòmasyon ki disponib sou sit entènèt MRT a nan ([http://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/redesign/](http://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/redesign/)) ak sou sit entènèt Amannman egzansyon Medicaid la nan ([http://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/redesign/mrt\\_waiver.htm](http://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/redesign/mrt_waiver.htm)).

Si w ta vle plis enfòmasyon, si w ta bezwen kopi tradiksyon dokiman amannman egzansyon an, oswa w ta vle soumèt opinyon w sou egzansyon MRT a, tanpri voye yon imèl ba [mrtwaiver@health.state.ny.us](mailto:mrtwaiver@health.state.ny.us) oswa poste demann ou an nan:

*Attn: Jason Helgerson  
Office of Health Insurance Programs  
New York State Department of Health  
Corning Tower  
Albany, NY 12224*